

Vaksen kont COVID-19

Kesyon Moun Poze Souvan

Mizajou: 22 desanm 2020

Enfòmasyon Jeneral

Kilè m ap ka pran vaksen kont COVID-19 la?

Mass General Brigham ap suiv direktiv ki soti nan men responsab sante piblik yo. Premye gwoup moun ki ka jwenn vaksen an se travayè swen sante ki gen kontak dirèk ak pasyan yo. Pasyan ki nan etablisman swen alontèm ak nan mezon retrèt yo ka pran vaksen an tou.

Kilè vaksen an ap disponib pou tout popilasyon an?

Aktyèlman, [responsab sante piblik](#) nan Massachusetts yo panse ke popilasyon jeneral la ap ka pran vaksen an disi mwa davril ak mwa jen 2021. Y ap kowòdone aksè yo atravè Depatman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health).

Si ou gen gwo risk, ou gen laj 65 lane oswa plis, oswa w ap travay nan sèten djòb tankou edikasyon, transpò oswa travay piblik, ou ka byen resevwa vaksen an pi bonè, ant mwa fevriye ak avril. Sant pou Kontwòl Maladi yo (Centers for Disease Control, CDC) gen plis enfòmasyon sou sitwèb yo a konsènan moun ki [gen gwo risk pou fè maladi grav](#) ak sou kilè vaksen an ka [disponib pou popilasyon jeneral la la](#).

Kijan nou fè konnen si vaksen an fonksyone?

Vaksen kont COVID-19 la pwouve ke li vrèman efikas. Daprè sa yo konstate nan esè Faz 3 yo, [vaksen Pfizer](#) a efikas a 95% 7 jou apre dezyèm dòz la. Vaksen [Moderna](#) a efikas a 94% 14 jou apre dezyèm dòz la. Parapò ak sèks, laj, ras ak etnisite moun yo, rezilta sa yo te menm.

Konbyen tan iminite a ap dire apre mwen pran vaksen an? Èske m ap bezwen pran vaksen chak ane?

Nou poko konnen. Esè klinik yo ap kontinye swiv patisipan yo pou wè konbyen tan pwoteksyon an ap dire. N ap founi enfòmasyon ki ajou dèke yo disponib.

Etdone nou poko konnen konbyen tan iminite a pral dire, li enpòtan toujou pou [lave men w, mete yon mask e kenbe distans sosyal](#).

Èske nou ka sispann mete mask ak kenbe distans sosyal apre nou fin pran vaksen an?

Non, pa pou kounyeya. Nou konnen ke vaksen an pwoteje w pou pa malad, men nou pa konnen si li anpeche w transmèt li bay lòt moun. Etdone se pa tout moun k ap pran vaksen an tousuit, nou dwe fè atansyon pou nou pwoteje lòt yo. Menmsi ou pran vaksen an, ou dwe kontinye mete yon mask, pratike distans sosyal ak lave men w. Ekspè nan kontwòl enfeksyon yo ap fè nou konnen kilè l ap san danje pou nou modifeye oswa pou nou sispann pran mezi sekirite sa yo.

Poukisa nou dwe pran vaksen an si nou mete mask epi si respekte distans sosyal?

Nou dwe itilize tout zouti ki disponib yo pou nou sispann pandemi an. Ansanm, vaksen kont COVID-19 la ak ki aksyon senp toulèjou yo tankou mete yon mask ak respekte distans sosyal ap ofri pi bon pwoteksyon kont COVID-19. E menmsi vaksen yo efikas a 90% jiska 95%, ou pa konnen jiskparezan a ki nivo l ap efikas pou ou. Anviwon 5% jiska 10% moun ki iminize ka pran viris la malgres. Ou dwe fè tout sa ou kapab pou diminye risk ou genyen pou pran viris la ak pwopaje li bay lòt moun.

Èske yon vaksen ka bay moun COVID-19?

Non. Vaksen an pa gen viris la annantye ni viris vivan ladan e kidonk li pa ka lakoz COVID-19.

Mwen te gen COVID-19 deja. Èske mwen ta dwe vaksinen?

Wi, lè li vin disponib pou ou, ou ka pran vaksen an kanmèm si ou te genyen COVID-19 e si ou te refè. Si kounye a la a ou malad ak COVID-19 la oswa si ou gen [sentòm ke COVID-19 ta ka lakoz](#), ou pa ta dwe pran vaksen an.

Ki efè segondè vaksen an genyen?

Kèk moun ka gen efè segondè apre yo fin resevwa vaksen an. Pou ni vaksen Pfizer a ni vaksen Moderna a, laplipa efè segondè lejè yo disparèt nan yon jou konsa.

- Sentòm ki pi komen yo rapòte ki soti nan vaksen Pfizer a se te doulè nan kote yo pran vaksen an, fatig, maltèt, doulè nan misk, doulè nan jwenti ak frison.
- Sentòm ki pi komen yo rapòte ki soti nan vaksen Moderna a se te doulè nan kote yo pran vaksen an, fatig, maltèt, doulè nan misk, frison, doulè nan jwenti, anfleman nan gangliyon lenfatik nan menm bra ou te pran enjeksyon an, noze, vomisman ak lafyèv.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Avantaj ki genyen nan pran Vaksen kont COVID-19 - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/vaccine-benefits.html>
- Lè pa gen ase vaksen, kimoun ki vaksinen avan? - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/recommendations.html>
- Vaksen kont COVID-19 nan Massachusetts - <https://www.mass.gov/covid-19-vaccine-in-massachusetts>
- Moun ki gen pi gwo risk pou gen maladi grav - <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/faq.html#People-at-Higher-Risk-for-Severe-Illness>
- Vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration)- <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/pfizer-biontech-covid-19-vaccine>
- Vaksen Moderna kont COVID-19 Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration) - <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/coronavirus-disease-2019-covid-19/moderna-covid-19-vaccine>
- Sitwèb COVID-19 Mass General Brigham - <https://www.massgeneralbrigham.org/covid19>

Alèji

Èske mwen ta dwe gen enkyetid konsènan reyaksyon alèjik ke vaksen kont COVID-19 la bay?

Te gen kèk moun ki rapòte reyaksyon alèjik apre yo te fin pran vaksen an. Gen yon ti kantite moun ki te gen reyaksyon alèjik ki grav ki rele anafilaksi. Baze sou sa, Administrasyon Aliman ak Medikaman Ozetazini (US Food and Drug Administration, FDA) ansanm ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi

(Centers for Disease Control, CDC) rekòmande pou moun ki gen yon istorik anafilaksi parapò ak nenpòt engredyan ki nan vaksen kont COVID-19 pa dwe pran vaksen an. Moun ki gen lòt alèji ak manje oswa ak medikaman yo ka resevwa vaksen an.

Anjeneral, pifò pasyan ki fè alèji ak yon vaksen ka resevwa lòt vaksen san danje. Si w gen yon istorik reyaksyon alèjik grav ak vaksen, terapi enjeksyon oswa nenpòt konpozan nan vaksen kont COVID-19 la ou pral resevwa, ou dwe pale ak doktè swen prensipal ou a oswa espesyalis nan alèji w la (si w gen youn). Pwofesyonèl swen sante w la ka ede w deside si li san danje pou w vaksinen.

Ki engredyan ki gen nan Vaksen kont COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Moderna yo?

Vaksenkont COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Moderna yo pa genyen jelatin, ze oswa latèks ladan yo. Anplis, yo pa fè bouchon flakon yo ak latèks kawotchou natirèl. Pasyan ki fè alèji ak latèks yo ka resevwa vaksen kont COVID-19 Pfizer ak Moderna yo.

Ni vaksen kont COVID-19 Pfizer a ak pa Moderna a genyen ladan yo **poliyetilèn glikòl**. Reyaksyon ak poliyetilèn glikòl yo ra anpil. Pasyan ki gen yon istorik pou reyaksyon alèjik ak poliyetilèn glikòl yo ta dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo a avan yo resevwa vaksen Pfizer a oswa vaksen Moderna a.

Engredyan ki genyen nan vaksen kont COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Moderna yo

	Pfizer-BioNTech	Moderna
Aktif	ARN mesaje nikleyosid modifiye (modRNA) ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2	ARN mesaje (mRNA) nikleyosid modifiye ki kode glikopwoteyin pwent (S) viral nan SARS-CoV-2
Lipid - inaktif	(4-idwoksibitil)azanediyl)bis(eksàn-6,1-diy)bis(2-eksildekanowat)	SM-102 (Pwopriyete eksklizif Moderna)
	2[(poliyetilèn glikòl [PEG])-2000]-N,N-ditetradesilasetamid	Poliyetilèn glikòl (PEG) 2000 dimiristoyl glisewòl (DMG)
	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin	1,2-disteyawoyl-sn-glysewo-3-fosfokolin
	Kolestewòl	Kolestewòl
Sèl, sik, tanpon - inaktif	Potasyòm klori, monobazik, fosfat potasyòm, klori sodyòm, fosfat sodyòm dibazik dihydrate	Twometamin, idwoklorid twometamin, asid asetik, asetat sodyòm
	Sik (sikwoz)	Sik (sikwoz)
	Dilyan an, yo ajoute pou administre vaksen an, sale (Klori Sodyòm)	Pa bezwen dilyan